| DOKUMEN MADRASAH |
| --- |
| SANGAT RAHASIA |

| NAMA : |
| --- |
| NOMOR UJIAN : |

**ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL**

**MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL**

**TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

| Mata Pelajaran : | Hari /Tanggal : |
| --- | --- |
| Kelas : | Waktu : 90 menit |

## I. Berilah tanda silang (X) pada huruf a, b, atau c pada lembar jawaban yang benar!

1. Teks wacan kang ngandharake kadadeyan kanthi urut (kronologis), yaiku …
   A. Dheskripsi C. argumentasi
   B. Narasi D. persuasi
2. Ing ngisor iki sing klebu titikane karangan narasi yaiku …
   A. Njlentrehake objek kanthi cetha
   B. Kanggo mbujuk utawa ngajak-ajak sing maca
   C. Ngandharake kadadeyan sacara kronologis
   D. Njlentrehake carane gawe barang
3. Bagean kang mratandhani yen critane wis arep rampung yaiku …
   A. Orientasi C. resolusi
   B. Komplikasi D. koda
4. Resolusi yaiku …
   A. Bagean karangan narasi kang isine ngenalake paraga lan latar crita
   B. Bagean karangan narasi kang ngemot cara ngrampungi konflik
   C. Bagean teks narasi sing isine ngemot prakara-prakara kang ana ing sajroning crita
   D. Bagean karangan narasi sing paling akhir
5. Wacan kang isine nggambarake sawijining objek yaiku …
   A. Narasi C. dheskripsi
   B. Eksposisi D. persuasi
6. Ing ngisor iki titikan kang mligi saka wacan dheskripsi yaiku …
   A. Ngajak pamaca supaya nglakoni apa sing diandharake
   B. Nggatekake urutan wektu
   C. Linambaran alesan kang mathuk
   D. Nggunakake pancadriya
7. Wacan dheskripsi kang nggambarake objek adhedhasar kesan sing diduweni panulis sajrone wacan diarani dheskripsi …
   A. Campuran C. objektif
   B. Subjektif D. spasial
8. Ing ngisor iki sing ora klebu jinis wacan dheskripsi yaiku …

LIVEWORKSHEETS

A. Dheskripsi subjektif C. dheskripsi objektif
B. Dheskripsi spasial D. dheskripsi campuran

9. Ukara ing ngisor iki sing klebu bagean idhentifikasi yaiku …
   A. Gunung bromo kinupengan segara wedhi kang jembare kurang luwih 10 km persegi
   B. Pesisir sendang biru minangka obyek wisata sing endah lan bisa narik kawigaten marang sapa wae sing teka menyang sendang biru
   C. Tlaga sarangan yaiku tlaga alami sing manggon ana ing sikile gunung lawu, kecamatan plaosan, kabupaten magetan, provinsi jawa timur
   D. Objek wisata pesisir pulo merah pancen nengsemake, akeh papan sing bisa kanggo seneng-seneng
10. Kang sepisan kudu ditindakake kanggo nulis karangan dheskripsi yaiku …
    A. Gawe salam pambuka C. nemtokake tema
    B. Gawe salam penutup D. wawancara marang sadhengah pawongan
11. Pawarta yaiku …
    A. Informasi ngenani sawijining prastawa kang dumadi
    B. Micara ana sangarepe wong akeh
    C. Tembang kang dilagokake nalika dolanan bebarengan
    D. Tetembungan mempersyair kang endah
12. Perangan unsur sajrone pawarta yaiku …
    A. 5 W+ 1 H C. 2 W+ 6 H
    B. 6 W + 2H D. 2 W+ 6H
13. Kang ora klebu titikane pawarta yaiku …
    A. Actual C. cekak aos
    B. Ora wigati D. factual
14. Ing ngisor iki sing ora klebu jinis pawarta adhehasar sumber yaiku …
    A. Opini C. regional
    B. Campuran D. fakta
15. Kalawarti nduweni teges yaiku …
    A. Warta kang diterbitake kala-kala utawa ora saben dina
    B. Warta kang diterbitake saben dina
    C. Wong kang pagaweyane golek lan nulis warta
    D. Informasi ngenani sawijining prastawa kang dumadi
16. Ariwarti yaiku …
    A. Warta kang diterbitake saben dina
    B. Warta kang diterbitake kala-kala utawa ora saben dina
    C. Wong kang pagaweyane golek lan nulis warta
    D. Informasi ngenani sawijining prastawa kang dumadi
17. Pawarta lumantar medhia Tv utawa radhio klebu jinise pawarta …
    A. Opini C. tulis
    B. Lisan D. fakta
18. Golek informasi saka wong kang diarani narasumber kanthi cara kagiyatan pitakon wangsulan diarani …
    A. Wawancara C. narasumber

LIVEWORKSHEETS

B. Wartawan D. ariwarti

19. Narasumber yaiku …
    A. Wong kang dadi punjering pitakon sajrone wawancara
    B. Warta kang diterbitake kala-kala
    C. Golek informasi marang wong kang dianggep ngerti
    D. Warta kang diterbitake saben dina
20. Ing ngisor iki jinis pawarta adhedhasar isi , kajaba …
    A. hiburan C. pendhidhikan
    B. Agama D. lokal
21. Karangan narasi iku lumrahe nganggo tembung-tembung …
    A. Padinan C. endah
    B. Kawi D. angel
22. Bagean saka karangan narasi kang isine ngenalake unsur pembentuk crita yaiku …
    A. Resolusi C. orientasi
    B. Koda D. komplikasi
23. Jinis wacan dheskripsi kang nggambarake samubarang kayata ruang, panggonan lan sapanunggalane iku diarani …
    A. Dheskripsi objektif C. dheskripsi naratif
    B. Dheskripsi subjektif D. dheskripsi spasial
24. Tujuwane wong nulis teks dheskripsi yaiku …
    A. Ora nduweni tujuan kang cetha
    B. Pamaca ora ngrasakake, ora nyawang, lan ora ngalami dhewe
    C. Ngandharake samubarang kanthi njlimet, saengga sing maca kaya-kaya ngamati, ngrasakake ndeleng, ngrungokake utawa ngalami dhewe
    D. Nuduhake wujud, warna kang ora cetha
25. Unsur kang ngemot wektu kedadean ing sajrone pawarta iku diarani …
    A. What C. where
    B. When D. why
26. Arus lalu lintas ing dalan A. Yani ngalami kemacetan.
    Unsur pawarta sing ana ing ukara kasebut yaiku …
    A. Sapa C. kena apa
    B. Ana ngendi D. kapan
27. Pawarta kang cakupane wilayah kabupaten utawa kutha diarani pawarta …
    A. Internasional C. regional
    B. Nasional D. lokal
28. Sadurunge nulis pawarta, becike gawe … luwih dhisik
    A. Cengkorongan C. gambaran
    B. Orek-orekan D. urut-urutan
29. Kang ora mujudake gunane ragam krama alus yaiku …
    A. Guneman ing antara wong enom marang wong tuwa
    B. Guneman karo kanca kang wis rumaket
    C. Guneman wong kang jabatane endhek marang wong kang jabatane luwih dhuwur

LIVEWORKSHEETS

D. Guneman wong tuwa marang wong enom kang jabatane luwih dhuwur

30. Perangane pawarta kang nggambarake ringkesan isi pawarta, lumrahe ditulis kandel ing sangisore sesirah yaiku …

A. Sesirah
B. Isi pawarta
C. angle
D. sumber

31. Crita kang ngrembaka ana ing satengahing masarakat diarani …

A. Cerita rakyat
B. Crita sage
C. cerita legendha
D. crita cekak

32. Sing klebu unsur intrinsic crita rakyat yaiku …

A. Biografi
B. Riwayat hidup panulis
C. alur
D. kahanan masarakat

33. Crita kang ana gayutane karo dumadine sawijining panggonan diarani …

A. Sage
B. Fabel
C. mitos
D. legendha

34. Idhe pokok kang dadi dhasar crita rakyat diarani …

A. Tema
B. Latar
C. amanat
D. alur

35. Prakara sing ora tinemu nalar nanging digugu lan dituhoni dening masarakat diarani …

A. Paribasan
B. Cangkriman
C. wangsalan
D. gugon tuhon

36. Pesen moral iku uga bisa sinebut pitutur …

A. Dhuwur
B. Ngucu
C. mujur
D. luhur

37. Nuju sawijining dina Raden Said ditundhung ramane lunga saka kadipaten jalaran nindakake kaluputan. Tembung ditundhung padha tegese karo …

A. Dikongkon lunga saka omah
B. Dibopong lunga saka omah
C. Digendhong lunga saka omah
D. Diandelake saka omah

38. Titikane crita rakyat yaiku …

A. Nyata
B. Khayal
C. ilmiah
D. mesthi bener

39. Gethok tular tegese …

A. Disebarake saka wong adol gethuk
B. Pungkasane crita ditutup kanthi nggethok tangan
C. Nular saka mancanagara
D. Disebarake kanthi cara lesan

40. Ing ngisor iki klebu jinis crita rakyat, kajaba …

A. Legendha
B. Fabel
C. narasi
D. mitos

41. Unsur intrinsic sajrone crita rakyat kang ngandharakae babagan papan wektu, lan kahanan sajrone crita yaiku …

LIVEWORKSHEETS

A. Alur
C. paraga
B. Latar
D. amanat

42. Jaka tarub, rangga gadhing, lan lutung kasarung klebu jinis crita …
A. Mite
C. fabel
B. Legendha
D. sage

43. Simbah … saking peken
Tembung kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku …
A. Mulih
C. lunga
B. Kondur
D. mangkat

44. Pitutur luhur kang kapethik saka crita sing diwaca utawa dirungu diarani …
A. Amanat
C. alur
B. Latar
D. tema

45. Ing ngisor iki sing ora klebu unsur intrinsik crita rakyat yaiku …
A. Kolektif
C. latar
B. Paraga
D. tema

46. Laporan saka kedadeyan kang didhasarake saka pangamatan lan sumber tulisan, ngutamakake rasa penasaran pamaca disebut …
A. Reportase
C. pawarta langsung
B. Pawarta ndinan
D. pawarta bab cerita

47. Banjir bandang ing bandung
Ukara ing dhuwur kalebu jinising irah-irahan saka pawarta …
A. Pawarta cepet
C. pawarta ndinan
B. Pawarta crita
D. pawarta dadakan

48. Salah sawijine pawarta kang wektu lan panggonan kedadeyane wis dimangerteni sadurunge diarani …
A. Pawarta langsung
C. pawarta crita
B. Pawarta dadakan
D. pawarta ndinan

49. Nampa pawarta kanthi apa anane diarani …
A. Objektif
C. evaluatif
B. Subyektif
D. informatif

50. Ing ngisor iki tahapan anggone nulis pawarta kajaba …
A. Nulis judhul pawarta
B. Nulis isining pawarta
C. Nemtokake tema
D. Nemtokake sudut pandang

LIVEWORKSHEETS